

**SS.7.C.2.2**

*Evalye obligasyon sitwayen yo genyen pou obeyi lalwa, peye taks, defann peyi a, ak sèvi pou jiri.*

**Epitou Evalye**

**SS.7.C.2.3** - Eksperyans responsablite sitwayen yo nan nivo lokal la, eta a, oswa nivo federal la

**SS.7.C.2.14** - Fè yon pwojè sèvis pou kontinye ak byennèt piblik la

**SS.7.C.2.2 Klarifikasyon sou Nosyon Fondamantal 6:** Elèv yo ap idantifye konsekans yo oswa predi rezilta sou sosyete a kont sitwayen yo ki pa ranpli responsablite sitwayènte yo.

Si **sitwayen yo** pat ranpli **responsablite yo**, peyi Etazini tap yon kote ki trè diferan.

<b>Responsablite Sitwayen yo</b>	<b>Ki Konsekans sa tap Genyen si Pèp la pat Ranpli Responsablite yo?</b>
Vote	Si pèp la pa vote, gouvènman an tap sèlman reprezante moun sa yo ki vote.
Asiste reyinyon sivik yo	Si moun yo pa patisipe nan reyinyon sivik yo, li tap pi difisil pou patisipe ak pou konnen sa kap pase nan kominote a ak gouvènman an.
<b>Petisyon gouvènman an</b>	Si pèp la chwazi pa sèvi ak dwa sa a, gouvènman an ap asime ke gen moun yo kontan avèk desizyon gouvènman an oswa yo pa bay anyen regle anyen pou yo.
Sèvis kominotè	Si pèp la chwazi pou yo pa sèvi kòm volontè nan kominote yo, yo ka inyore pwoblèm yo e moun ki bezwen èd pap resevwa sa yo besewn yo.

**petisyon gouvènman an** - dwa yon moun pou mande gouvènman an rezoud yon pwoblèm oswa ekspri sa li panse sou ki jan gouvènman an ap fonksyone

**responsablite** - yon bagay yon moun ta dwe fè

**sitwayen** - yon manm legal nan yon eta ak/oswa nan yon peyi